

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa unsur penting dina komunikasi manusa. Komunikasi manusa téh ngabutuhkeun sarana, nyaéta basa éta sorangan. Sukriyah spk, (2018, kc. 268) nételakeun Dina raraga minuhan kabutuhan keur ngungkapkeun ide, gagasan tujuan, jrrd. Sarana komunikasi téh nyaéta basa anu sifatna éfektif dina prosesna. Saluyu jeung Ariyani spk (2017, kc. 26) yén Komunikasi mangrupa proses tukeur informasi anatarjalma ngaliwatan sistim symbol, tanda, atawa kalakuan nu umum.

Salaku alat komunikasi, basa kudu bisa nepikeun pesen ngaliwatan pakait harti antara kalimah. Sumarlam (dina Zulaiha, 2014 kc. 56) sacara gurat badag, nyebutkeun yén sarana komunikasi verbal dibedakeun jadi dua rupa, nyaéta sarana komunikasi mangrupa basa lisan jeung sarana komunikasi basa tulis. Salaku alat komunikasi basa kudu miboga pakait harti antara kalimah hiji jeung kalimah dua, kalimah dua jeung kalimah tilu. Ku kituna éta runtusan bakal jadi hiji ungkara anu disebut wacana.

Wacana bakal dianggap bener tur merenah lamun mibanda hubungan anu sinambung, kohésif jeung koherensi. Sifat kohésif dina wacana ngawangun adegan lahir ari koherensi nyoko kana adegan batin. Sacara umum wacana nu alus miboga kohesi jeung koherensi, Sukriyah spk, (2018, kc. 268). Saluyu jeung pamadegan Sumarlam spk, (2009, kc. 23) wacana anu padu nyaéta wacana anu ditinggali tina hubungan bentuk jeung struktur lahir sifatna kohésif, tur ditinggali tina hubungan makna atawa batin sifatna koheren.

Ieu panalungtikan téh museur kana kohési gamatikal dina wacana prosa fiksi basa Sunda. Aya dua rupa medium wacana tempat cicingna kohési gramatikal nyaéta lisan jeung tulisan. Wacana lisan kapanggih dina obrolan sapopoé, ari wacana tulis kapanggih dina tulisan-tulisan saperti majalah, koran, buku pelajaran jeung karya sastra.

Salah sahiji karya sastra basa Sunda wangung novél anu ngandung kohési gramatikal téh nyaéta novél Siti Rayati karya Moh. Sanoesi. Ieu di handap aya conto kohési gramatikal dina éta novel

““Néng”, loncéng di gedong Tuan Kawasa pukul satu Si Patimah ngarenjag, yén geus sakitu peuting. Tuluy manéhna nyokot kélé nyéos seuneu, hariwangeun sieun kahuruan, lantaran énya ogé hujan, tapi angin ngagelebug baé teu eureun-eureun.”

Dina éta cutatan novél ébréh ayana kohési gramatikal référénsi anu dicirian ku kecap *manéhna* anu nuduhkeun reférénsial anaforis.

Aya sawatara alesan pangna ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun. Novél téh mangrupa hiji carita prosa fiksi anu panjang, tur miboga jalan carita ku ayana palaku jeung kalakuan nu ngagambarkeun realitas kahirupan manusa di hiji tempat jeung latar. Penting pisan dina karya prosa atawa dina fiksi miboga wacana anu utuh ti awal nepi ka akhir. Ieu hal téh maksudna mah ngarah nu maca téh nyangkem kana eusi carita anu diébréhkeun ku panulis dina hiji wacana. Lian ti éta pentingna wacana nu utuh téh gede pangaruhna kana aspek keterampilan ngaregepkeun, jeung nulis. Lian ti éta panalungtikan ieu ogé dilakukeun pikeun mikanyaho wanda-wanda kohési gramatikal anu mineng digunakeun ku pangarang. Wanda-wanda kohési anu digunakeun ku pangarang tangtu waé mangaruhan kana gaya basa pangarang. Unggal kalimah anu dihasilkeun téh bakal leuwih loba variasina lamun pangarang mampu ngolah basana kalayan hadé. Peran kohési dina ngolah basa ieu téh gede kacida, sabab kitu éta téh mangaruhan kana daya irut keur nu maca kana gaya basa nulis pangarang jeung ogé mangaruhan kana minat nu maca dina maca hasil karya pangarang. Ku kituna pikeun mikanyaho bener henteuna kohési gramatikal kudu aya ulikan kohési gramatikal.

Panalungtikan ngeunaan kohési gramatikal kungsi dilaksanakeun di anatarana waé, “Analisis Kohesi Gramatikal dan Leksikal dalam Novel Jemini Karya Suparto Brata” (Zulaiha, 2014). Anu nalungtik kohési gramatikal jeung léksikal dina novél Bahasa Jawa. “Kohesi Leksikal Sinonimi, Antonimi, dan Repetisi pada Rubrik Cerita Anak, Cerita Remaja, dan Cerita Dewasa dalam Surat Kabar Harian Kompas” (Sukriyah spk, 2018). (Sukriyah, 2018) nalungtik ngeunaan kohési léksikal dina surat harian. Panalungtikan saacanna ngeunaan kohési dina wacana Basa Sunda kungsi talungtik diantarana waé “*Adegan Wacana Prosa Fiksi Basa Sunda (Analisis Kohési, Konjungsi, jeung Koherénsi dina kumpulan carpon Kanangan jilid* ”(Andriansyah, 2014). “Analisis Kohesi Gramatikal dan Leksikal

dalam Novel Jemini Karya Suparto Brata” (Zulaiha, 2014). Saruana panalungtikan ieu jeung panalungtikan séjén téh sarua nalungtik ngeunaan kohési gramatikal dina wacana. Ari bebedaanana jeung panalungtikan di luhur téh réréana mah nalungtik kohési léksikal jeung kohési gramatikalna aya ogé nu jeung kohérénnsina dina objek nu beda, nyaéta novel basa jawa, rubrik carita anak, aya hiji nu geus nalungtik dina basa Sunda. Panalungtikan ieu mah museur kana kohési gramatikal jeung hubungan semantis kohési gramatikal dina novél basa Sunda.

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho kohési gramatikal, anu aya dina novél *Siti Rayati* karya Moh. Sanoesi. Sabab panalungtikan ieu téh mangrupa panalungtikan munggaran nu nalungtik kohési gramatikal dina karya sastra wangun novél basa Sunda. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahán élmu pangaweruh keur panalungtikan hususna, umumna keur nu maca. Ku kituna, panalungtikan ieu nu dijudulan “Kohési Gramatikal dina Novél *Siti Rayati* Karya Moh. Sanoesi”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, kohési téh aya dua nyaéta gramatikal jeung léksikal. Sangkan teu lega teuing ambahan dina ieu panalungtikan diwatésan ngan medar ngeunaan:

- 1) Wanda kohési gramatikal référénsi, kohési gramatikal substitusi, kohési gramatikal élipsis jeung kohési gramatikal pararéisme.
- 2) Hubungan semantis dina kohési gramatikal nu ngawengku tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrasis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali generalisasi, jeung tatali résultatif.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan nyoko kana kohési gramatikal dina novél *Siti Rayati* karya Moh. Sanoesi jadi dua rupa pasualan, nyaéta

- 1) Kumaha wanda kohési gramatikal référénsi, kohési gramatikal substitusi, kohési gramatikal élipsis jeung kohési gramatikal pararéisme dina novél *Siti Rayati*?

- 2) Kumaha hubungan semantis dina kohési gramatikal nu ngawengku tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrastis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali generalisasi, jeung tatali résultatif?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikawanoh jeung ngadéskripsikeun kohési gramatikal dina novel *Siti Rayati* karya Moh. Sanoesi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadeskripsikeun dua hal, nyaéta

- a. Wanda kohési gramatikal anu nyoko kana kohési gramatikal référénsi, kohési gramatikal substitusi, kohési gramatikal élipsis jeung kohési gramatikal pararéisme.
- b. Hubungan semantis dina kohési gramatikal nu ngawengku tatali kausalitas, tatali komparatif, tatali parafrastis, tatali implikatif, tatali idéntifikatif, tatali aditif, tatali generalisasi, jeung tatali résultatif.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Hasil dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi nu mangpaat dina dunya linguistik hususna dina adegan wacana lebah kohési gramatikal. Ieu panalungtikan téh dipiharep miboga mangpaat jeung informasi anu anyar ngeunaan adegan wacana prosa dina basa Sunda hususna dina kohési gramatikal.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap :

1) Pikeun Panalungtik

Ieu pananglutikan bisa nambahana pangaweruh sarta pangalaman nu kacida gedéna pikeun panulis dina neuleuban analisis wacana ngeunaan adegan wacana komo deui lebah kohési gramatikal.

2) Pikeun nu maca

Ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun ngamekarkeun panalungtikan-panalungtikaan, anu satuluyna dina widang wacana ngeunaan adegan wacana prosa fiksi basa Sunda, hususna ngeunaan kohési gramatikal.

3) Pikeun guru

Ieu panalungtikan bisa jadi référénsi atawa bahan bacaan jeung informasi analisis kabasaan pikeun bahan diajar ngajar di sakola.

4) Pikeun siswa

Ieu panalungtikan bisa jadi bahan bacaan keur nambah pangaweruh siswa dina widang kabasaan.

5) Pikeun sakola

Ieu panalungtikan bisa jadi informasi nu mangpaat keur sakola dina widang kabasaan salaku informasi anyar anu bisa dijadikeun tinimbangan keur bahan diajar ngajar jeung bahan référénsi keur digunakaeun ku sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu kabagi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu kabagi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, tuluy nu pamungkas dina bab ieu aya raraga tulisan.Bab II Ulikan tiori, eusina ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori anu di paké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori kohési gramatikal. Panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Bab III Métode panalungtikan, eusina ngeunaan métode naon waé anu digunakeun dina ieu panalungtikan, eusina téh desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, tékhnik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan jeung analisis data. Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan anu geus kapaluruh nyaéta kohési gramatikal référénsi, kohési gramatikal substitusi, kohési gramatikal élipsis, jeung kohési gramatikal pararéisme. BAB V Kacindekan implikasi jeung rekomendasi, eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan anu geus dilakonan, implikasi jeung rekomendasi atawa harepan panalungtik keur panalungtikan kahareupna pikeun kamajuan panalungtikan.